RICK SCOTT
GOVERNOR

JUSTIN M. SENIOR
SECRETARY

HeadOfHousehold
AddressLine1 AddressLine2
RecipientCity RecipientState 1234567890

27 jen, 2017

Byenveni nan pwogram Medicaid Swen Alontèm. Nan pwogram Medicaid Swen Alontèm, ou kapab chwazi plan swen alontèm ki pi bon pou ou.

Dosye nou yo montre ke ou te aplike pou Medicaid, men ou poko apwouve. Men, ou ka chwazi pou enskri nan yon plan pandan w-ap tann pou Depatman Timoun ak Fanmi (DCF) detèmine si-w apwouve pou Medicaid. Pou chwazi yon plan tanpri revize etap 1-3 ki anba a.

**Pou'w ka aksès dosye-a pi vit, tanpri itilize PIN sekirite sa-a pou'w anwole: XXXX**

## Etap 1: *Gade*



Gade enfòmasyon ki nan pake sa. Li enkli:

- **Kòmanse Sèvis anvan ou apwouve pou Medicaid**
- yon lis de plan(yo) nan zonn ou an
- enfòmasyon sou pwogram Swen Alontèm
- etap yo ou bezwen pran pou rantre nan yon plan
- jan ou ka enskri pa telefòn oswa sou entènèt

Epi tou ou kapab jwenn menm enfòmasyon sa sou entènèt la nan:
www.flmedicaidmanagedcare.com

## Etap 2: *Chwazi*



**Ou ka chwazi plan swen alontèm ou nenpòt ki lè anvan yo apwouve-w pou Medicaid.**

| Non | # Medicaid-la |
|---|---|
| RecipientName | 1234567890 |

Pou chak moun, w ap bezwen:

- ane nesans **ak**
- swa ID Medicaid la Oswa nimewo Kat lò.

## Etap 3: *Anwole*



**Sou entènèt nan:** **OUBYEN** **Rele**

www.flmedicaidmanagedcare.com

**Sil vou plè, Pran not:** Si ou chwazi pou'w enskri sou entènèt la, w'ap bezwen itilize PIN sekirite ki anlè-a. Lè w'ap itilize PIN lan, w'ap oblije genyen ID Medicaid ou oubyen nimewo ki sou kat lò-a tou.

Liy asistans gratis lan nan 1-877-711-3662 pou pale avèk yon konseyè chwa oubyen mande pou'w rankontre avèk youn.

Pou plis enfòmasyon, sou kijan pou enskri avan ke-w resevwa kalifikasyon Medicaid ou, tanpri al gade bwochi a nan pake ou a ak **kesyon yo poze pi souvan sou do lèt sa.**

Adrès de Retou: Agency for Health Care Administration 2727 Mahan Drive, MS 62 Tallahassee, FL 32308
Sant apèl la opere: Lundi-Jeudi: 8 a.m. - 8 p.m.; Vendredi: 8 a.m. - 7 p.m. TDD/TTY SELMAN, rele 1-866-467-4970
Si ou bezwen materyèl an gran lèt, odyo, oubyen bray rele Liy asistans Gratis-la 1-877-711-3662.

# KESYON YO POZE SOUVAN

## Resevwa Sèvis avan yo Apwouve ou pou Medicaid

**Kesyon:** Kòman Medicaid an pwosès la travay?
**Repons:** Ou aplike pou Medicaid men li pako apwouve. Medicaid an pwosès la pèmèt sèvis plan yo kòmanse avan yo detèmine kwalifikasyon moun sa a pou Medicaid. Si moun sa a kwalifye, Medicaid la ap peye pou sèvis sa yo. Si moun sa a pa kwalifye, yo ka voye bòdwo sèvis sa yo pou li.

**Kesyon:** Èske mwen ka chanje plan pandan m- ap tann pou yo apwouve mwen pou Medicaid epi toujou resevwa sèvis?
**Repons:** Non, ou pa kapab chanje plan yo pandan w-ap tann pou yo apwouve ou pou Medicaid, men ou ka soti nan plan an epi kanpe sèvis yo. Rezon ki fè ou pa gen dwa chanje plan se paske si yo pa apwouve-w pou Medicaid, plan an kapab voye bill la ba ou pou sèvis yo ou te resevwa.

## Chwazi yon Plan avan yo Apwouve ou pou Medicaid

**Kesyon:** Eske mwen ka chwazi yon plan san ke mwen pa komanse resevwa sèvis **(plan datant)**?
**Repons:** Wi, men ou pa pral resevwa sèvis jiskaske ou vinn kalifye pou Medicaid.

**Kesyon:** Eske-m kapab chanje chwa pou plan datant mwen pandan mwen tann pou yo apwouve mwen pou Medicaid?
**Repons:** Wi, ou kapab chanje plan datant ou a nènpot lè.